

EdData II

Septamn 2012

Entèvyou Pwofesè

FÒMILÈ KONSANTMAN DIREKTÈ A

Bonjou, mwen rele _____. N ap travay ak Ministè Edikasyon an pou mennen yon ankèt pou evalye jan yo jere ak fè kou nan kèk lekòl an Ayiti.

Objektif ankèt sa se gade kouman yo abitye fè kou ak jere lekòl yo epi evalye ki kalte sipò biwo rejonan la ak kominote local la bay lekòl yo.

Yo p ap ekri non ou nan fòmilè sa, ni yo p ap site l okenn kote nan done ankèt la. Rezilta ankèt sa ap pibliye sou fòm yon tablo ki genyen tout done yo ranmanse yo mele. Enfòmasyon nou jwenn nan ankèt la, n ap pataje l ak Ministè Edikasyon an nan lespwa ke n ap idantifye kèk aspè ki bezwen plis sipò.

Yo chwazi Lekòl sa nan yon echantiyon atravè yon pwosesis statistik. Patisipasyon ou enpòtan anpil, men ou pa oblije patisipe si ou pa vle.

Si ou dakò pou patisipe, m ap poze ou kèk kesyon sou aktivite nòmal ou nan lekòl la, ak echanj ou konn genyen ak ekip ou, ak ekip biwo rejonan la, ak elèv epi paran yo. Mwen ta renmen tou obsève ki resous fizik ou genyen nan lekòl la. Avèk asistans ou, mwen ta renmen chwazi yon klas 1ere ane e yon klas 2eme ane pa aza epi youn nan kòlèg mwen yo t ap swiv yon kou lekti epi yo t ap fè yon entèvyou ak pwofesè klas sa yo. Anketè yo ta renmen tou pase entèvyou epi evalye kapasite nan lekti 20 elèv tou. Pandan entèvyou elèv yo, anketè yo pral poze yo kèk kesyon sou aktivite lekòl nòmal yo konn fè lakay yo oswa lekòl la, lang yo sèvi, lekti yo fè lakay yo ak avantaj posede liv lakay. Elèv nou chwazi yo ap patisipe sèlman si yo dakò. Tout pwosesis entèvyou (tout entèvyou pwofesè ak elèv nou chwazi pa aza yo epi obsèvasyon lekòl la) a ta dwe dire anviwon 5 èdtan pandan 2 jou. Entèvyou m ap fè avè w la ap dire vè 30 minit.

Nou pa kwè gen okenn risk pou ou si ou patisipe nan rechèch sa.

Ou p ap jwenn okenn pwofi pèsònèl si ou patisipe nan entèvyou sa. Men Ministè edikasyon an pral sèvi ak repons ou yo pou ede l prepare aktivite epi ede nan amelyore edikasyon an Ayiti.

Si ou gen nepòt ki kesyon sou ankèt sa, ou met alèz pou rele Marie Ermise Charles nan nimewo sa (4397-4557).

Eske ou vle patisipe? Yon lòt fwa ankò, ou pa oblije patisipe si ou pa anvi. Depi nou kòmanse, si ou pa ta vle reponn yon kesyon, ou gen dwa pa reponn.

Eske nou mèt kòmanse?

Direktè a dakò pou patisipe ?

WI

NON